



Pou Piblikasyon Imedya: 05/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO JWENN YON AKÒ AVÈK TRIBI SAINT REGIS MOHAWK, KI METE FEN NAN YON KONFLI KI TE DIRE PLIZYÈ DESENI**

*Remèt tè yo anba kontwòl tribi a avèk pèman Otorite Enèji Nouyòk pou itilize tè a ak aksè ak kouran*

*Mete fen nan litij ki te kòmanse depi 1982; enkli retablisman aksè sou zile ki bò Larivyè St. Lawrence pou Mohawk Akwesasne, ansanm ak èd pou frè lekòl nan enstitisyon SUNY ak kolèj kominotè yo*

*Gouvènè a kontinye angajman pou ranfòse ak retabli relasyon ak pèp endijèn yo atravè Eta Nouyòk*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse Eta Nouyòk rive jwenn yon akò règleman ak Tribi Saint Regis Mohawk, ki mete fen nan yon konfli ki dire depi plizyè deseni, ki te kòmanse an 1982 sou litij konsènan acha tè. Akò a enkli pou remèt tè a bay Tribi Saint Regis Mohawk — apeprè 3,845 ekta nan Konte Franklin ak 1,942 ekta nan Konte St. Lawrence — anplis pèman Otorite Enèji Nouyòk (New York Power Authority) pou itilize tè a ak pou founi enèji. Règleman an enkli tou èd pou frè lekòl pou manm tribi yo nan enstitisyon SUNY ak kolèj kominotè yo, epi retabli aksè sou zile Croil, Long Sault ak Barnhart ki nan Larivyè St. Lawrence.

"Pou nou kapab trase wout pou lavni, nou dwe rekonèt erè ki fèt nan pase — epi mwen rekonesan paske akò ki genyen ant Eta Nouyòk ak Tribi Saint Regis Mohawk la pèmèt nou fè sa menm jan an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan ke istwa Nouyòk te make ak yon istwa trajik, avni li pral baze sou jistis, rekonsilyasyon, responsablite ak gerizon — kòm Gouvènè, mwen angaje pou sipòte tout Pèp Endijèn nan Eta nou an epi pran mezi ki nesèsè pou ranfòse ak retabli relasyon ak Eta a."

**Konsèy Tribal Saint Regis Mohawk te deklare,** "Reklamasyon tè nou an te dire apeprè 43 ane. Rekipere tè nou an te toujou yon objektif pou nou ak zansèt nou yo — nou pa t ap la jodi a san pèseverans ak kouraj tout moun ki te travay sou reklamasyon an ak negosyasyon yo depi 1982. Règleman an pa pafè, paske li pa retabli tout tè Mohawk ke nou te pèdi yon fason istorik. Sepandan, règleman an ba nou opòtinite pou ajoute, retabli, ak akèri tè, ansanm ak retire taks sou pwopriyete, bay finansman pou elèv Akwesasne Mohawk yo nan SUNY, anplis zafè jwenn kouran ak yon pri preferansyèl."

## **Akò Règleman ak Tribi Saint Regis Mohawk**

Akò a te rezoud dispit tè a, anplis itilizasyon kouran, avantaj edikasyon, ak aksè sou zile Croil, Long Sault ak Barnhart ki nan Larivyè St. Lawrence.

### **Retabli Dwa sou Tè:**

- Tè ki te nan konfli nan konte Franklin ak St. Lawrence yo pral vin Tè Endyen depi dat aplikasyon Akò Règleman an. Apeprè 3,723 ekta nan Konte Franklin ak 1,295 ekta nan Konte St. Lawrence pral retounen bay Tribi Saint Regis Mohawk la (SRMT), ak yon restorasyon imedya de 1,376 ekta nan Konte Franklin ak 405 ekta nan Konte St. Lawrence
- Konte. Eta a pral fè pèman ki regilye: yon pèman anyèl 2 milyon dola bay Konte Franklin — ak yon pèman anyèl adisyonèl 1 milyon dola bay Konte Franklin ki soti nan lajan yo resevwa pou pèman eksklizivite a — epi yon pèman anyèl 4 milyon dola bay Konte St. Lawrence ki soti nan lajan yo resevwa pou pèman eksklizivite a.
- Akò a pral etabli yon pwosesis pou Akwesasne Mohawks konvèti kèk tè an Tè Endyen si bon kondisyon yo reyini

### **Itilizasyon Kouran ak Pèman:**

- Otorite Enèji Nouyòk (NYPA) pral peye SRMT 2 milyon dola chak ane pandan 35 ane, sa ki fè yon total 70 milyon dola.
- NYPA pral bay SRMT jiska 9 mWh (megawat pa èdtan) enèji ki gen pri ki pi ba, ki ka itilize pou devlope ekonomi SRMT oswa pou itilizasyon pèsònèl manm yo. Enèji ki bay la pa ka revann sou mache piblik la epi li ka sèlman transmèt bay Kanada si Konsèy Mohawk Akwesasne jwenn tout pèmi ak apwobasyon ki nesèsè yo.

### **Aksè ak Edikasyon:**

- Eta a pral renonse ak frè lekòl epi ak frè obligatwa pandan yon maksimòm uit semès a plen tan pou tout Akwesasne Mohawk ki anrejistre yo nan nenpòt enstitisyon SUNY oswa kolèj kominotè
- Manm SRMT ki aplike nan Cornell oswa Alfred pral resevwa yon rabè ki egal ak frè lekòl rezidan inivèsite SUNY.
- Okenn kondisyon revni pa atache ak avantaj sa yo.

### **Aksè ak Tè:**

- SRMT kapab gen aksè ak zile Croil, Long Sault ak Barnhart ki nan Larivyè St. Lawrence pou lapèch, lachas, mete pèlen, ak kolekte, ak kèk restriksyon limite.

Nòm lachas pou SRMT yo pral egal oswa pi sevè pase règleman ki aplike pou chasè ki gen lisans nan Eta Nouyòk

- Yo p ap chaje okenn frè pou SMRT itilize lansman bato nan Pak Eta Robert Moses – Mil Zile
- SRMT kapab fè siveyans anviwònman sou zile yo sou kondisyon l ap bay preyavi omwen 10 jou nan Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta Nouyòk epi san yo pa koze okenn domaj pandan peryòd siveyans lan
- SRMT gen dwa pou premye refize si Eta a swete vann oswa bay youn nan zile yo

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Tribi Saint Regis Mohawk la ak pèp Akwesasne la depi lontan t ap chèche jistis ak pou tounen jwenn tè yo dwe yo," Senatè Gillibrand te deklare. "Mwen rekonesan anpil paske, aprè plizyè deseni lidè tribi yo te kontinye defann koz yo, Gouvènè Hochul siyen akò a pou retounen plizyè milye ekta bay Tribi a. Mwen pral kontinye travay pou asire Kongrè sa a ratifye akò a e rete yon patnè angaje pou kominote Endyen yo atravè eta nou an."

**Manm Asanble Billy Jones te deklare,** "Malgre mwen te enplike nan diskisyon sou règleman reklamasyon tè a pandan plis pase 15 ane, pi fò kredi a ale bay lejislètè Konte Franklin, pase ak prezan, Manadjè Konte yo, responsab vil yo, ak manm Tribi Saint Regis Mohawk la ki te travay san pran souf pou rive nan akò sa a. Mwen te enplike nan diskisyon sa yo depi lè m te prezidan lejislati nan Konte Franklin, kidonk mwen konnen pèsònèlman ki jan li te difisil pou rive nan pwèn sa a. Aprè plizyè ane negosyasyon ki te fatigan, akò sa a asire yon règleman jis pou tout pati yo. Mwen vle remèsye Gouvènè a ak tout moun ki enplike pou finalize akò enpòtan ak istorik sa a."

**Prezidan Konsèy Lejislatè Konte Franklin, Ed Lockwood, te deklare,** "Aprè plizyè dizèn negosyasyon ant Konte Franklin, Tribi Mohawk, ak Eta Nouyòk, twa pati yo rive jwenn yon konsansis pou soumèt Memorandòm Antant (Memorandum of Understanding, MOU) final sou Reklamasyon Tè bay Gouvènman Federal la pou revizyon ak apwobasyon. Konte Franklin, ansanm ak reprezantan vil Bombay ak Fort Covington, te travay avèk dilijans ak kolaborasyon pou ede akò sa a vin reyalye. Nan non Lejislatè Konte Franklin, nou swete finalize Akò Reklamasyon Tè a ak opòtinite li reprezante pou tout pati ki enplike yo."

**Prezidan Konsèy Lejislatè Konte St. Lawrence, David Forsythe, te deklare,** "Règleman sa a pral bay opòtinite pou retounen tè a bay Tribi a pandan y ap amelyore opòtinite pou konte ki alantou Franklin ak St. Lawrence. Litij sa a te aktif pandan plis pase 43 ane e li fini ak yon akò ki rekonèt dwa, privilèj, ak responsablite tout pati yo. Tout pati ki enterese yo nan nivo lokal ak nivo eta a siyen yon akò; avèk apwobasyon Kongrè a ak Prezidan an, li pral finalman rezoud. Depi 2014, Konte a te reklame yon konsilyasyon ki t ap mennen nan yon règleman. Règleman istorik sa a temwanyen enterè komen tout moun ki enplike yo pou viv anpè youn ak lòt pou jenerasyon k ap vini yo. Mèsè ak Gouvènè a ak tout moun ki siyen paske yo rezoud defi sa a ki te dire lontan. Konte a ap tann avèk enpasyans aplikasyon prensip règleman an."

## Angajman pou Ranfòse Relasyon

Gouvènè Hochul angaje pou sipòte ak ranfòse relasyon yo ak pèp endijèn ak tribi yo atravè Eta Nouyòk. Etap Gouvènè a te pran avan pou ranfòse aksyon li yo make anba a:

- Li te vizite Teritwa Cattaraugus nan Seneca Nation of Indians nan dat 20 me [epi prezante eskiz fòmèl](#) konsènan wòl Eta Nouyòk nan fonksyonman Lekòl Endyen Thomas lan.
- Konvoke lidè Nasyon Endijèn yo atravè Eta Nouyòk pou yon [somè istorik nan Kapitòl Eta Nouyòk](#) nan Albany.
- Li etabli yon pòs [Sekretè Adjwen pou Premye Nasyon yo](#) nan Chanm Egzekitif Gouvènè a
- Yo vizite Mezon Long (Longhouse) Nasyon Onondaga a. Gouvènè Kathy Hochul te fè yon [vizit istorik nan Mezon Long Onondaga](#) – premye vizit yon Gouvènè an fonksyon nan plis pase yon demi syèk – pou yon konvèsasyon ak lidè Nasyon Onondaga yo, tankou Tadodaho Sid Hill, reprezantan Konsèy Chèf yo, ak Manman Klan yo.
- Yo retounen plis pase 405 ekta tè bay Nasyon Onondaga a. Sekretè Depatman Enteryè (Department of Interior) Etazini an, Deb Haaland ak Tadodaho Sidney Hill, Nasyon Onondaga a, te rejwenn Gouvènè Kathy Hochul, yo te [anonse yon akò istorik nan kad Pwogram Evalyasyon Domaj Resous Natirèl Lak Onondaga ak Restorasyon \(Onondaga Lake Natural Resource Damage Assessment and Restoration\)](#) k ap retounen plis pase 405 ekta tè pitorèsk bay Nasyon an —youn nan pi gwo retou tè atravè yon eta ak yon nasyon Endijèn
- Pwopoze pou ranfòse establiite Fanmi Endijèn yo lè yo bay Sekretè Adjwen Rule enstriksyon pou l avanse, an konsiltasyon avèk lidèchip nasyon an ak moun ki gen enterè yo, estrateji pou ranfòse objektif Lwa sou Byennèt Timoun Endyen (Indian Child Welfare Act) yo, pou souliye angajman Nouyòk pou repare enjistis ki fèt sou kominote Endijèn yo.
- Asire aksè ak swen dantè pou nasyon endijèn yo, ki gen ladan 2.5 milyon dola nan finansman pou swen sante dantè nasyon endijèn yo, ak objektif pou adrese pwoblèm aksè ak yo.
- Pou asire tout Nouyòkè santi yo byenveni nan Kapitòl Eta a, li te reponn reprezantasyon ofansant yo lè li kòmanse yon egzamen global tout reprezantasyon atistik pèp Endijèn yo nan Kapitòl la, kote l ap envite reprezantan ki soti nan chak nan nèf Nasyon Endijèn yo vin patisipe.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)